

ENFÒMASYON SOU AKÒ POU RETIRE  
POU YON ALE DEKORATIF  
NAN KONTE PALM BEACH POU GARANTI DWA PASAJ

**Tout enfòmasyon yo dwe tape oswa an lèt detache yon fason lizib avèk lank nwa.**

- 1) **Rele (561) 684-4150 pou verifye ke Konte a garanti wout ou pral konekte ak li a.** Si Konte a pa garanti wout la, Akò a pa aplikab.
- 2) Ajoute non Pwopriyete a(yo) ak deskripsyon legal pwopriyete a jan yo parèt sou pyès ki pi resan bay pwopriyete a (paragraf 1, paj 1). Si deskripsyon legal la twò long pou espas yo bay la, ou kapab soumèt yon kopi ankèt la sou yon fèy apa 8.5" x 14" epi nonmen li Pyès A. Antre mo "Gade Pyès A Anekse" nan espas ki bay la.
- 3) Soumèt yon kopi pyès pwopriyete oswa ankèt la. Trase nan lokal ale a si sa pa endike.
- 4) Mete kalite ale - blòk pave, beton estanpe, etc. (paragraf 2, paj 1)
- 5) Mete non wout Konte Palm Beach garanti a (paragraf 2, paj 1).
- 6) Mete non detantè ipotèk la. Si pa gen ipotèk ki egziste, mete 'pa aplikab' (paragraf 3, paj 1).
- 7) Mete adrès pwopriyete a ke ale a sèvi (paragraf 5, paj 1).
- 8) Siyati chak pati k ap egzekite akò sa a dwe gen 2 temwen ki ateste epi notarye li (paj 2). Akò a pa dwe redui nan dimansyon li. Kopi akò a akseptab men dwe gen siyati orijinal yo. Kopi faks pa ladan.
- 9) **Retounen akò ranpli a bay Divizyon Devlopman Teren pou siyati ansanm avèk yon chèk pou \$30.00 nan non Konsèy Komisè Konte nan Konte Palm Beach (PBCBCC).**

**REMAK:** Si ou swete gen akò a siyen lè ou rive, tanpri rele (561) 684-4086 pou pran yon randevou. Si ou depoze akò a, biwo nou an ap rele ou lè akò a siyen. Si ou ta voye akò a pa lapòs pou siyati, tanpri ajoute yon anvlòp ki peye davans ki tou gen adrès ou pou tounen li ki endike.

- 10) Apre yon reprezantan Divizyon Devlopman Teren fin siyen akò a, kandida a dwe gen akò a ak kopi ankèt la oswa eboch pwopriyete a ki anrejistre nan Palè Jistis Konte Palm Beach, Grefye ak Kontwolè, 205 N. Dixie Highway, Room 4.25, West Palm Beach, FL, 33401 M - F 8:00 a.m. pou 4:00 p.m. (561-355-2991)

**OSWA**

nan Midwest Communities Service Center, 200 Civic Way, Suite 500, Royal Palm Beach, FL 33411 Lendi-Jedi.. 8:00 a.m. pou 4:00 p.m. (561-784-1271)

Yon kopi akò anrejistre sètifye a dwe retounen bay Divizyon Devlopman Teren an. Divizyon Devlopman Teren an pral mete so dat la sou akò a epi fè yon kopi pou dosye nou yo. Kandida a kapab pouswiv nan Divizyon Bilding lan avèk akò a piske verifikasyon an te fini.

Tanpri rele Divizyon Devlopman Teren an nan (561) 684-4086 si ou bezwen plis enfòmasyon.

**ADRÈS POSTAL AK LOKAL**

Palm Beach County Engineering Department  
Land Development Division, Permit Section  
2300 North Jog Road, 3rd Floor West  
West Palm Beach, FL 33411-2745

## **AKÒ POU RETIRE NAN KONTE PALM BEACH**

(KÒPORASYON)

KONSIDERAN \_\_\_\_\_ se pwopriyetè senp, ki endike kòm “Pwopriyetè”, yon pasèl yon pwopriyete reyèl, ki endike kòm “Pwopriyete”, sitiye nan Konte Palm Beach, Florid, ki dekri espesyalman konsa:

KONSIDERAN, Pwopriyetè a swete jwenn pèmisyon Depatman Enjeniri ak Travay Piblik pou konstwi yon \_\_\_\_\_ ale (ki refere isit la kòm ale) nan Konte a ki kontwole dwa pasaj la kòm \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ sou kote Pwopriyete a; epi

KONSIDERAN, Pwopriyetè a dakò ke li se Pwopriyetè senp Pwopriyete a epi genyen/pa genyen nan moman an yon ipotèk detni pa \_\_\_\_\_; epi

KONSIDERAN, Pwopriyetè di li pral asime tout responsabilite antretyen yo pou ale sa a. Ale a pa dwe konstwi sou twotwa a.

### **Ni pave ni beton estanke pa otorize sou twotwa yo.**

KOUNYE A, PA KONSEKAN, konsidere yon dola (\$1.00), Konte a pa ranfòse touswit dwa li yo oswa dwa nenpòt lòt ki egziste kounye a, oswa ki ka egziste alavni, epi lòt konsiderasyon bon ak enpòtan resepsyon li ki konfime nan dokiman an, Pwopriyetè a, nan dokiman an, dakò avèk Konte Palm Beach pou retire gratis pou Konte Palm Beach, ale ki nan dwa pasaj wout la nan trant (30) jou apati avi ekri a ki adrese ak li oswa siksesè li yo ki gen enterè nan Pwopriyete a,

(Adrès) \_\_\_\_\_

(Vil, Eta ak Kòd Postal) \_\_\_\_\_

ki enfòm li Konte a detèmine ke li nesèsè pou operasyon sekirite ak efikas dwa pasaj wout la pou konstwi, repara, amelyore, antreteni, modifye oswa demenaje tout, oswa nenpòt pati nan, dwa pasaj la, Pwopriyetè a dwe retire amelyorasyon yo nan dwa pasaj la epi retounen dwa pasaj la nan kondisyon li te ye anvan. Pwopriyetè a dakò tou pou repara oswa ranplase ale a ki nesèsè akòz nenpòt antretyen ki te fèt nan dwa pasaj wout la pa ak pou Konte Palm Beach oswa akòz nenpòt konstriksyon oswa antretyen sèvis piblik ki te otorize. Konsidere yon dola (\$1.00) adisyonèl ak lòt konsiderasyon bon ak enpòtan, resepsyon ki konfime nan dokiman an, Pwopriyetè a dakò dedomaje, defann ak epaye Konte a de tout reklamasyon, demann, aksyon, pouswit, pwosè, jijman, responsabilite, pèt ak domaj sou pwopriyete a, (sa gen ladan lanmò ki pa jistifye ak degradasyon sou pwopriyete a), oswa pou nenpòt lòt zafè oswa bagay ki vin prezante oswa nan nenpòt fason ki konekte avèk Akò sa a, plasman ale a nan dwa pasaj la, oswa nenpòt zak oswa omisyon Pwopriyetè a, ajan, anplwaye, kontraktè, lisansye ak envite li yo. Dedomajman anwo a dwe gen ladan klèman tou dedomajman kont nenpòt neglijan sou bò Konte a nan otorize mete ale a nan lokal la ak fason ki otorize dapre Akò sa a.

Nan ka Pwopriyetè a pa retire ale a ki sitiye nan dwa pasaj la nan trant (30) jou ki etabli nan dokiman an, Konte a, ka retire ale a san lòt avi, epi Pwopriyetè a ap responsab pou depans dirèk ak endirèk Konte a pou retire li. Konte a ka rapòte, epi depans pou retire li yo dwe se, yon sezi kont Pwopriyetè Pwopriyetè a.

Pwopriyetè a, eritye, siksesè, ak deziyen li yo isit la dakò ke Akò sa a pral anrejistre nan Dosye Ofisyèl Konte Palm Beach, Florid, epi Akò sa a dwe se yon antant ki anvigè avèk teren an epi ki lye ak Pwopriyetè a, eritye li, reprezantan pèsònèl yo, sesyonè, deziyen ak benefisyè yo nan enterè Pwopriyetè a.

TAPE OSWA ENPRIME

\_\_\_\_\_  
NON

\_\_\_\_\_  
ADRÈS

(oswa)

\_\_\_\_\_  
ATESTE PA SEKRETÈ

(SO)

TAPE OSWA AN LÈT DETACHE

\_\_\_\_\_  
NON

\_\_\_\_\_  
ADRÈS

SIYEN, SELE, EGZEKITE AK KONFIME nan \_\_\_\_\_ jou  
\_\_\_\_\_ 20\_\_\_\_\_

Pa: (1) \_\_\_\_\_ Pa: (2) \_\_\_\_\_  
Yon Kòporasyon Eta Yon Kòporasyon Eta  
\_\_\_\_\_  
Prezidan oswa Vis Prezidan Prezidan oswa Vis Prezidan

TEMWEN YO (De Temwen pou chak):

\_\_\_\_\_  
Temwen (1) pou (1) Siyati (1) Siyati

\_\_\_\_\_  
Temwen (1) pou (1) Non an Lèt Detache (1) Non an Lèt Detache

\_\_\_\_\_  
Temwen (2) pou (1) Siyati

\_\_\_\_\_  
Temwen (2) pou (1) Non an Lèt Detache

### ETA FLORID

### KONTE PALM BEACH

Enstriman anwo a te konfime devan mwen pa mwayen

prezans fizik oswa  sou entènèt

notarizasyon, \_\_\_\_\_ jou \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_\_ sa a, pa \_\_\_\_\_

kòm \_\_\_\_\_ pou \_\_\_\_\_ nan non

[chwazi youn] kòporasyon/konpayi/patenarya, ki ke mwen  pèsònèlman konnen oswa te pwodui

\_\_\_\_\_ (kalite idantifikasyon) kòm idantifikasyon.

\_\_\_\_\_  
(Siyati Notè)

\_\_\_\_\_  
(Non Notè a Tape, an Lèt Detache oswa ak Tenm)

TEMWEN YO (De Temwen pou chak):

\_\_\_\_\_  
Temwen (1) pou (2) Siyati (2) Siyati

\_\_\_\_\_  
Temwen (1) pou (2) Non an Lèt Detache (2) Non an Lèt Detache

\_\_\_\_\_  
Temwen (2) pou (2) Siyati

\_\_\_\_\_  
Temwen (2) pou (2) Non an Lèt Detache

**ETA FLORID**

**KONTE PALM BEACH**

Enstriman anwo a te konfime devan mwen pa mwayen

prezans fizik    oswa     sou entènèt

notarizasyon, \_\_\_\_\_ jou \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_\_ sa a, pa \_\_\_\_\_

kòm \_\_\_\_\_ pou \_\_\_\_\_ nan non

[chwazi youn] kòporasyon/konpayi/patenarya, ki ke mwen pèsònèlman konnen oswa te pwodui \_\_\_\_\_ (kalite idantifikasyon) kòm idantifikasyon.

\_\_\_\_\_  
(Siyati Notè)

\_\_\_\_\_  
(Non Notè a Tape, an Lèt Detache oswa ak Tenm)

**DIVIZYON DEVLOPMAN TEREN AN  
RESEVWA LI POU DEPO**

Pa: \_\_\_\_\_  
Siyati

\_\_\_\_\_  
Non an lèt detache

Ref: akò pou retire kòporasyon

Revize 19/04/11, 01/03/2016, 16/02/2018, 01/01/2020, 28/09/2020, 18/11/2020